

Awilda V. Tomas-Andres, Ed.S., M.Ed.
Direktris

Richard Brown
Sou-Direktè

Kim Jastrome, Ed.D.
Sou-Direktè

Shauna T. Wright, Ed.S.
Sou-Direktris

Howell L. Watkins

Parent and Family Engagement Plan-Creole version

2020– 2021 Patisipasyon Fanmi

Plan pou Angajman Paran ak Fanmi

Patisipasyon Paran

Howell L. Watkins rekonèt enpòtans fòmè yon patnèchip ki solid avèk paran ak manb kominote yo pou kapab gen yon enpak pozitif sou elèv yo nan lekòl nou an. Pou pwomouvwa bonjan patisipasyon paran, estaf nan Howell L. Watkins di byenveni ak opinyon paran ak manb kominote yo epi ankouraje yo pou jwenn avèk nou nan aktivite ki an grann liy nan plan sa a. Nou pral travay avèk paran yo kòm patnè egalego nan pwosesis edikatif la.

Reyinyon Anyèl Tit I (Title I)

Nou envite paran pou vini nan reyinyon sa a chak ane lekòl pou aprann plis sou kondisyon Tit I ak pwogram Tit I nan tout lekòl nou an.

Nan reyinyon sa a, ap gen opòtinite pou revize dokiman Tit I yo epi bay opinyon w sou sa ki pi ba yo:

- Kontra ant Lekòl-Paran (School-Parent Compact)
- Plan/Règleman sou Patisipasyon Fanmi Tit I (Title I Family Involvement Policy/Plan)
- Dwa Paran yo pou Konnen (Parents' Right to Know)
- Ide sou aktivite pou patisipasyon paran pou alavni

Aksesibilite pou tout Fanmi

N ap akomode tout fanmi yo nan ofri yo sa ki pi ba yo:

- Chwa pou dat ak lè reyinyon yo dapre repons paran yo (enkli opsyon vityèl)
- Fasilitatè pou lang
- Dokiman Tradui nan lang yo
- Gadri nan lekòl la

Aktivite pou Patisipasyon Paran

Baze sou repons sondaj paran an, n ap ofri aktivite sa yo ~~suivan~~ pou ede paran konprann kourikoulòm ak evalyasyon eta a epi amelyore akonplisman akademik pitit yo:

- Yo pral òganize Sware Akademik pou Paran Pwofesè yo oswa Sware Alfabetizasyon pou paran aprann estrateji pou yo kapab ede pitit yo lakay.
- Sware Enfòmasyon sou Evalyasyon pral enfòmè paran yo sou FSA, Evalyasyon nivo klas yo, kourikoulòm ak atant sou nivo klas.
- Enfòmasyon sou sit lekòl pou pataje enfòmasyon ki enpòtan ak meyè pratik avèk paran, ki pwomouvwa (ankouraje) valè ak angajman fanmi.

The School District of Palm Beach County is an Equal Education Opportunity Provider and Employer.



9480 MacArthur Blvd., Palm Beach Gardens, FL 33403 (561) 776-3600 / Fax (561) 776-3603

Awilda V. Tomas-Andres, Ed.S., M.Ed. Richard Brown Kim Jastrome, Ed.D. Shauna T. Wright, Ed.S.
Direktris Sou-Direktè Sou-Direktè Sou-Direktris

Pataje Desizyon ki Pran

Atravè Komite Konsèy pou Paran yo (SAC), paran yo pral revize epi y ap bay opinyon yo sou Plan pou Angajman Paran ak Fanmi lekòl la (PFEP) epi evalye plan an chak ane. Paran yo ap bay opinyon yo tou nan redije Kontra ant Paran-Lekòl la.

Paran yo pral revize rezilta sondaj Patisipasyon Fanmi Tit I/Angajman Paran ak Fanmi yo pou detèmine chanjman ki nesèsè yo. Paran yo pral gen aksè ak dènye enfòmasyon lekòl la ak nòt elèv la atravè sistèm enfòmasyon sou elèv nan Portal Gateway Paran an. Paran yo ap gen opòtinite pou diskite pwogram ak inisyativ tout lekòl la anmenmtan pou revize rapò sou done lekòl la ak elèv yo.

Kominikasyon

Y ap tabli kominikasyon ak paran yo pa mwayen ki pi ba yo:

- Flyers (Feyè)
- Imel
- Telefòn
- SIS/Gateway
- Tablo afichaj lekòl
- Sit Entènèt Lekòl la
- Facebook ak/oswa Twitter
- Konferans
- Komite Konsèy Lekòl la [School Advisory Council (SAC)] - yo envite tout paran pou patisipe nan konsèy sa a
- Opinyon ak sondaj sou Patisipasyon Fanmi/Planifikasyon pou Angajman Paran ak Fanmi

Volontè

Yo ankouraje paran pou fè volontè nan lekòl nou an nan plizyè domèn ki vize bezwen elèv ak lekòl la. Yo te devlope ak distribye plan sou Angajman Paran ak Fanmi yo an kolaborasyon avèk paran ak elèv Howell L. Watkins yo. Tanpri revize epi bay pitit ou retounen pòsyon ki pi ba a pou renmèt pwofesè klas li.

Mèsi,

Awilda Tomas-Andres, Ed.S., M.Ed.
Direktris

Mwen te revize Plan/Regleman Lekòl la

Siyati Paran: _____ Dat: _____

Siyati Elèv la: _____ Dat: _____

The School District of Palm Beach County is an Equal Education Opportunity Provider and Employer.